बच्चन खातीर बाइबिल
प्रस्तुति

# जब ईश्वर सबकुछ बनवलन



लिखेवाला : Edward Hughes
सचित्र करेवाला : Byron Unger; Lazarus
अपनावेवाला : Bob Davies; Tammy S.
अनुवाद करेवाला : डॉ विनय कुमार
पेश करेवाला : Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

2015 Bible for Children, Inc.
अनुमति पत्र : रउरा सब एह कहानी के नकल करेके आ छापे के अधिकार तब तक बा जब तक रउरा एके प्रयोग बेचे खातीर ना करब ।

हमनी के बनवलस ६ ईश्वर के पवित्र वचन बाइबिल बतावेला किमानव जाति के शुरुआत कैसे भइल । बहुत पहिले ईश्वर पहिला इंसान के बनवलन आ ओकर नाम आदम रखलन ।



ईश्वर धरती के धूल से आदम के बनवलन ।जब उ उनका में सांस फूँकलनए आदम में जान आ गइल । आदम अपना के इडेन नाम के एगो खूब सुन्दर बगीचा में पवलन ।



आदम के बनावे से पहिलेए उ खुबसुरत चीज से भरल सुन्दर संसार बनवलन । बारी बारी से उ पहाडी ईलाकाए सुन्दर घास के मैंदानए गमकउवा फूलए उच्चा उच्चा पेंड पौधाए चमकौवा पंख वाली चिरई चुरुंग भनभनाये वाली मधुमकखीए लोटेवाली हवेल मछली आ छलकउआ घोंघा बनवलन ।वास्तव मेंए ईश्वर उ सबकुछ



बनवलन जवन आज हमनी के बीच मे मौजूद बा ।



जब ईश्वर सबकुछ
बनवलन ओकरा पहिले ईश्व
र के अलावे एह दुनिया में
कुछ भी ना रहे । ना आदमी
ना जगह ना कवनो सामान ।
कुछ ना ।ना अंजोर
ना अंधकार ना
प्रंकाश । ना उपर ना
नीचे । ना बितल काल
ना आवे वाला काल ।
खाली ईश्वर रहलन जेकर
कवनो शुरुआत ना रहे ।
तब उ काम कइलें !



शुरु में उ स्वंग आ धरती
के बनवले ।

ओह समय धरती के बिना
रुप आ आकार के रहे ।
आ अंधकार चारो
ओर ंफइलल रहे ।
तब ईश्वर
बोललें
ष्अंजोर
हो जाउष ।



आ अंजोर हो गइल । ईश्वर ओकरा के अंजोर के दिन कहलनआ अंधकार के रात कहलन । इ सुबह आ शाम मिला के पहिला दिन रहे ।



दूसरा दिने ईश्वर सब सागर समुन्द्र आ झील के पानी के एक साथ कइलन । तीसरा दिने ईश्वर कहलन ष्सुखल जमीन दिखाई देउष आ ओसही भईल ।



ईश्वर घास फल फूल झाडी आ पेंड पौधा सब के दिखाई देबे के कहलन आ उ सब दिखाई देबे लगलन । ई सुबह आ शाम मिलाके तीसरा दिन रहे ।



तब ईश्वर सुरज चन्द्रमा आ खुब ढेर तारा बनवलन जेकरा कोई गिन ना सकत रहे । ई सुबह आ शाम मिलाके चौथा दिन रहे ।



ईश्वर के अगिला सूची मे समुन्दर के मछली आ जीव जन्तु आ चिडिया रहलीन । पाँचवां दिन बडकी बडकी तेंगा मछली आ छोटकी छोटकी सारडीन मछलीन के लम्बा लम्बा पैर वालीशुतुरमुर्ग के आहमेशा खुश रहेवाली आ गुनगुनाए वाली छोटी छोटी चिडियन के बनवलन ।



धरती के पानी के भरे
खातीर ईश्वर हर प्रकार
के मछलीन के बनवलन आ
आकाश पताल आ समुन्दर
के मजा उठावे खातीर
हर प्रकार के चिडियन के
बनवलन । सुबह आ शाम
मिलाके इ पाँचवां दिन रहे ।



ओकरा बाद ईश्वर बोललन । उ कहलन, ध्धरती जीवित जीव जन्तु आ प्राणी से भर जाउ ण्ण्ण।ष हर प्रकांर के जीव जन्तु, कीडा मकोडा आ रेंग के चलेवाला जीव पैदा होगइले । धरतीक हिला देबेवाला हाथी, व्यस्त उदबिलाव, नटखट बन्दर, फूहड आ गन्दा घडियाल पैदा हो गइंले । हिले डोले वाला कीडा, गिलहरी आ लमगोड जिराफ आ मन्दबुद्धि वाली बिल्लीयाँ पैदा हों गई । ओह दिने ईश्वर हर प्रकार के जीव जन्तुं बनवलन । सुबह आ शाम मिला के इ छठवॉ दिन रहल ।



छठवॉ दिन ईश्वर कुछ हट के कइलन, बिल्कुल खास । अब सब कुछ मानव खातिर बन के तैयार हो गइल रहें । उनकां खातिर खेत मे भोजन रहे आ उनकर सेवा खातिर जानवर तैयार रहलन । आ तब ईश्वर कहलन, "अब चली, आ अपना रुप में इंसान के बनावल जाउ । धरती पर जे कुछ भी बा ओकर मालिक बनाई ।" एही से ईश्वर मानव के अपना रुप में बनवलन, अपना रुप में ।



ईश्वर आदम से कहलन, "एह बगिचा से जे कुछ तु चाहताड, तु खा। बाकि अच्छा बुरा के ज्ञान वाला पेंड के फल मत खइह। यदि तु ओह पेंड के फल खइब त, जरुरे तु मर जइब।"



तब ईश्वर हमनी के मालिक कहलन, "इ बढिया बात नईखे कि इंसान अकेले रहो । हम इनकर सहायक बनाईब ।" ईश्वर सब चिडिया, जीव जन्तु के आदम के आगे रखलन । आदम सबकर नाम रखलन । आदम एह काम में जरूर खुब चालाक होइहन । बाकि ओह सब चिडिया आ जीव जन्तु में आदम ायक केहु ना रहे ं।



तब ईश्वर आदम के खुब गहरी निन्द में सुला दिहले । सुतल आदमी के देह से एगो पसली निकाल के, ओह पसली से ईश्वर हेवा के बनवलनं । उ औरत जेकरा के ईश्वरबनवलन, सही मायने में आदम के सहायक लायक रहलीन ।



ईश्वर सब कुछ एह छः दिन मे बनवलन । तब ईश्वर सातवाँ दिन के आशिष दिहलन आ एह दिन के आराम के दिन कहलन । इडन नामक बगिचा में आदम आ हेवा उनकर औरत, ईश्वर के आज्ञा के पालन करते हुए पूरे खुशी से जीवन बितावे लगलन । ईश्वरे उन लोगन के मालिक, दाता आ उनकर मित्र रहलन ।



# जब ईश्वर सबकुछ बनवलन

## एक कहानी ईश्वर के पवित्र वचन

## बाइबिल के स्तोत्र

## उत्पति १-२

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समाप्त

इ बाइबिल कहानी हमनी के आश्चर्यजनक ईश्वर के बारें में बतावता जवन ईश्वर हमनी के बनवले बाडन आजवन ईश्वर चाहत बाडन की हमनी के उनका के जानी जा ।

ईश्वर जानताडन की हमनी के खराब काम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । ओह पाप के सजा मौत ह ।बाकी ईश्वर हमनी के एतना प्यार कइलन कि उआपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ हमनी खातीर क्रूस पर मर जास । हमनी के पाप के सजा उ पावसु । तब यीशु जीयलन आ परलोक गइलन । यदि तुहु यीशु में विश्वास करेल अउर उनका से निहोराकरेल कि उ तोहरा पाप के माफ कर देसु त उ एसहीं करिहन ।
उ अभी अइहन आ तोहरा में जीवन बितइहन आ तु
हमेशा उनका साथे जीवन जीअब ।

यदि रउआ विश्वास करिना कि इ बात सच ह तब ईश्वर से इ बात कहि : प्रियतम यीशु हम विश्वास करीना कि रउआ ईश्वर हईं । रउआ मानव तन धारण कइनी कि हमरा पाप खातीर मरी । बाकि अब रउआ जी गइल बानी । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीहीं ताकि हम नया जीवन पा सकी अउर एक दिन हम रउरा में हमेंशा खातीर एक हो जाईं। हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर आज्ञा के पालन करी अउर राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।